

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode ékspérimén. Méthode ékspérimén mangrupa méthode panalungtikan kuantitatif nu dipaké pikeun mikanyaho pangaruh variabel indepénden (*treatment*/perlakuan) kana variabel depénden (*output*/hasil) dina kaayaan nu *terkendali* (Sugiyono, 2019: 111). Dina ieu panalungtikan, nu jadi variabel indepénden nyaéta média pangajaran *Webtoon* sedengkeun variabel depéndenna nyaéta kamampuh maca pamahaman carpon.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan anu digunakeun nyaéta *quasi experimental design* atawa ékspérimén kuasi. Ékspérimén kuasi mangrupa hasil tina ngamekarkeun *true experimental design* atawa ékspérimén murni, nu hésé dilaksanakeun (Sugiyono, 2019: 120). Ieu desain umumna dipaké nalika dina prak-prakanana atawa kaayaan di lapangan, panalungtik hésé meunangkeun kelompok kontrol.

Anapon wangun desain nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan nya éta *nonequivalent control group design*. Ieu desain mangrupa pamarekan populer pikeun kuasi ékspérimén, grup A (ékspérimén) jeung grup B (kontrol) dpilih tanpa penugasan acak. Dua kelompok éta ngalakonan pretest jeung posttest, sedengkeun kelompok ékspérimén mah narima perlakuan (Creswell, 2014: 220). Ieu desain méh sarua jeung *pretest-posttest control group design*, ngan bédana kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrolna teu dipilih sacara acak. Maksudna, nu ditempatkeun atawa nu dipilih kana kelompok ékspérimén jeung kontrol mangrupa unit saluhureun individu, saperti kelas/ sakola. Ieu di handap mangrupa gambaran tina desainna.



(Sugiyono, 2019: 122)

Gambar 12: Non-equivalent Control Group Design

Keterangan:

O₁ : *pretest* kelompok ékspérimén

O₂ : *posttest* kelompok ékspérimén

O₃ : *pretest* kelompok kontrol

O₄ : *posttest* kelompok kontrol

X : *treatment* atawa perlakuan maké média *Webtoon*

3.3 Populasi jeung Sampel

3.3.1 Populasi

Populasi nyaéta wilayah generalisasi nu ngawengku obyék/subyék nu miboga kuantitas jeung karakteristik anu tangtu sarta ditangtukeun ku panalungtik pikeun dititénan tuluy nyieun kacindekan (Sugiyono, 2019: 130). Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta peserta didik kelas VIII SMPN 2 Jatiwangi taun ajaran 2021/2022.

3.3.2 Sampel

Sampel nyaéta bagian tina jumlah jeung karakteristik nu dipiboga ku éta populasi. Panalungtik bisa nyokot sabagian sampel tina populasi saupama jumlah anggota populasi kawilang gedé atawa loba, tuluy kawatesanan dina hal anggaran dana, tanaga, jeung waktu nu dipiboga. Sanajan kitu, tapi tetep sampel nu dicokot tina populasi kudu bener-bener *representatif* atawa bisa ngawakilan (Sugiyono, 2019: 131).

Dina prosés nangtukeun sampel, dibutuhkeun cara nu disebut *teknik sampling*. Ieu panalungtikan maké téhnik *nonprobability sampling*. *Nonprobability sampling* nyaéta téhnik nyokot sampel nu teu méré piluangeun/kasempetan anu sarua pikeun unggal unsur atawa anggota populasi, keur dipilih minangka sampel (Sugiyono, 2019: 136). Dina ieu panalungtikan, téhnik *nonprobability sampling* nu dipaké nya éta *purposive sampling*. *Purposive sampling* nyaéta téhnik nangtukeun sampel kalawan tinimbangan anu tangtu (Sugiyono, 2019: 138). Tinimbangan didieu maksudna panalungtik ménta rékoméndasi ti guru mata pelajaran Bahasa Sunda, pikeun milih sampel anu bisa ngawakilan sakabéh anggota populasi.

Patali jeung ukuran sampelna, Roscoe (dina Sugiyono, 2019: 149) nétélakeun yén ukuran sampel nu mantas atawa meujeuhna dina panalungtikan téh nya éta

antara 30 nepi ka 500. Tapi keur panalungtikan ékspérimén sederhana, nu ngagunakeun kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol, mangka jumlah anggota sampel masing-masing antara 10 nepi ka 20. Ku kituna, sampel dina ieu panalungtikan cukup ku dua kelas, nya éta kelas VIII-A jeung kelas VIII-B.

Tabél 3: Anggota Sampel

Kelompok	Sampel	Jumlah Anggota Sampel
Ékspérimén	VIII-A	20
Kontrol	VIII-B	20

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur mangrupa léngkah-léngkah atawa tahapan anu kudu dilakonan, ti mimiti panalungtikan nepika ahir. Tahapan nu dimaksud saperti ieu di handap.

a. Tahap awal (tatahar)

- 1) Idénifikasi masalah jeung netepkeun matéri pangajaran
- 2) Ngarumuskeun masalah
- 3) Ngarumuskeun hipotésis
- 4) Nangtukeun média pangajaran
- 5) Nangtukeun métode panalungtikan
- 6) Nangtukeun sumber data (populasi jeung sampel)
- 7) Nyusun instrumén panalungtikan
- 8) Nguji validitas instrumén ku dosén ahli
- 9) Révisi pembimbing

b. Prak-prakan (ngumpulkeun data)

- 1) Ngalakonan *pretest* ka kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol, sangkan mikanyaho kumaha kamampuh awal peserta didik.
- 2) Ngalarapkeun *treatment* atawa perlakuan mangrupa média *Webtoon* ka kelompok ékspérimén, sedengkeun perlakuan média konvensional ka kelompok kontrol.
- 3) Ngalakonan *posttest* ka kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol, sangkan mikanyaho kumaha kamampuh peserta didik sabada dilarapkeun perlakuan.

c. Tahap ahir (ngolah data)

- 1) Analisis data
- 2) Nyieun kacindekan
- 3) Nyusun rékomendasi

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun kuésionér. Kuésionér mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu dilakonan kalawan méré saperangkat *pertanyaan* atawa *pernyataan* sacara tinuliska réspondén pikeun dijawab. Kuésionér bisa mangrupa *pertanyaan/ pernyataan tertutup* atawa *terbuka*, bisa dibikeun ka réspondén sacara langsung atawa teu langsung (ngaliwatan internét) (Sugiyono, 2019: 219).

Dina praktékna, ieu kuésionér dilaksanakeun dua kali dina wangun tés, nya éta *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* atawa tés awal, dilakonan pikeun ngukur kamampuh maca pamahaman carpon siswa saméméh dibéré perlakuan média *Webtoon*. Sedengkeun *posttest* atawa tés ahir, dilakonan pikeun ngukur kamampuh maca pamahaman carpon siswa sabada dibéré perlakuan média *Webtoon* (di kelompok ékspérimén), sarta sabada teu dibéré perlakuan husus (di kelompok kontrol).

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat nu dipaké pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial nu diténan. Sacara spésifik, sakabéh fénoména éta disebut variabel panalungtikan (Sugiyono, 2019: 166).

Aya sawatara kritéria anu kudu dicumponan saméméh instrumén dipaké atawa di uji langsung ka réspondén. Kritéria nu dimaksud nya éta patali jeung tingkat validitas jeung reliabilitas instrumén. Ku kituna, aya sababaraha léngkah anu kudu dilakonan saperti ieu di handap.

- 1) Nyusun instrumén.
- 2) Instrumén dikonsultasikeun jeung dosén pembimbing.
- 3) Pengujian validitas konstruksi ku ahli (*judgment experts*) sarta dumasar pangalaman émpiris di lapangan (Sugiyono, 2019: 197).
- 4) Ngabagikeun instrumén ka peserta didik.
- 5) Sabada dibagikeun ka peserta didik, tuluy hasilna diolah (tahap ngolah data) dituluykeun ku analisis data panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, instrumén disusun dina wangun tés. Tésna mangrupa soal obyektif pilihan ganda. Unggal soalna geus disaluyukeun jeung matéri sarta pedoman kurikulum nu dilarapkeun di sakola nu jadi tujuan panalungtikan, nya éta Kurikulum 2013 revisi 2017.

Pikeun ngagampilkeun prosés nyusun instrumén, mangka perlu maké matrik pengembangan instrumen atawa kisi-kisi instrumén (Sugiyono, 2019: 167). Sabada aya kisi-kisi instrumén, soal tés jadi leuwih babari pikeun disusun. Ieu di handap mangrupa kisi-kisi soalna.

Tabél 4: Kisi-kisi Soal

Sekolah	: SMPN 2 Jatiwangi
Kelas	: VIII
Semester	: Ganjil
Tahun Pelajaran	: 2021/2022
Kurikulum	: 2013
Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda
Materi Pokok	: Carita Pondok
Alokasi Waktu	: 2 Jam Pelajaran (60 menit)
Jumlah Soal	: 20 Butir (Pilihan Ganda)

KOMPETENSI DASAR (KD)				
3.7 Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok.				
No.	Materi	Indikator Soal	Ranah Kognitif	Jumlah Soal
1.	Tokoh	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi para <i>palaku</i> , tokoh utama, <i>panglengkep</i> dan <i>watek</i> tokoh dengan tepat.	C1	4
2.	Latar	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi latar waktu dan tempat dengan tepat.	C1	1

3.	Galur	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi <i>galur</i> dengan tepat.	C1	2
4.	Sudut pandang	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi sudut pandang dengan tepat.	C1	1
5.	Tema	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menjelaskan tema dengan tepat.	C2	1
6.	Amanat	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menganalisis amanat dengan tepat.	C4	1
7.	Idiom	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menjelaskan <i>idiom</i> dengan tepat.	C2	1
8.	Kalimah langsung	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengkategorikan <i>kalimah langsung</i> dengan tepat.	C2	1
9.	Kalimah teu langsung	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengkategorikan <i>kalimah teu langsung</i> dengan tepat.	C2	1
10.	Kalimah pananya	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengkategorikan <i>kalimah pananya</i> dengan tepat.	C2	1
11.	Kalimah paréntah	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengkategorikan <i>kalimah paréntah</i> dengan tepat.	C2	1
12.	Pikiran utama paragraf	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menentukan pikiran utama paragraf dengan tepat.	C3	1
13.	Narasi	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengkategorikan teks narasi dengan tepat.	C2	1
14.	Dialog	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengkategorikan teks dialog dengan tepat.	C2	1
15.	Kecap asal	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi <i>kecap asal</i> dengan tepat.	C1	1
16.	Kecap rajékan	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi <i>kecap rajékan</i> dengan tepat.	C1	1

Tabél 5: Instrumén Tés Kamampuh Maca Pamahaman Carpon

Soal Prétés & Postés

Pilihan Ganda

1. “Ibu, ku naon sih beut sadayana teu kénénging ka luar. Dini, Cindy, ku Réga diteleponan téh sami cenah teu kénénging ka luar.”
 “Kumargi nuju aya pirus korona. Upami ka luar bilih aya nu eunteup heug tépa.”
- 1
 a. Dini
 b. Cindy
 c. **Bubu**
 d. Réga

Titénan sempalan carpon di handap pikeun ngajawab soal no. 2-4!

Poé kahiji sumanget nitenan Hapé. Tugas ti Bu Siti ngeunaan korona langsung dikerjakeun. Babari da materi ngeunaan korona mah numpuk. Asal daék maca. Tugas langsung dijapri ka Bu Siti.

“Bu, Réga nonton film nya.”

“Kerjakeun heula tugasna.”

“Atos.”

“Sadayana?”

“Muhun.”

Réga surak basa Ibu unggek. Ti jam hiji labas nepi ka jam lima soré nagen hareupeun TV. Cengkat téh mun Ibu ngagero nitah ka cai atawa nitah dahar.

2. Nu jadi palaku utama dina sempalan carpon di luhur nya éta...
- a. Ibu
 b. **Réga**
 c. Bu Siti
 d. Dini
3. Nu jadi palaku panglengkep dina sempalan carpon di luhur nya éta...
- a. **Ibu**
 b. Réga
 c. Cindy
 d. TV
4. Watek Réga dina sempalan carpon di luhur nya éta...
- a. kedul
 b. daékan di titah
 c. cicingeun
 d. **rajin**
5. “Bu...”
 “Hemmm.” Ibu nu pakepok di dapur ngarérét.
 “Ka bumi Dini nya?”
 Ibu gideug teu panuju.
 “Sakedap atuh, Bu. Tugasna sadayana tos dikerjakeun tos dikirimkeun ka bu guru. Nya, Bu da geulis atuh Ibu mah.”
 Indungna mésem. “Teu kening. Sok calik wé di bumi.”
 “Atuh da bosen.”

Latar tempat lumangsungna sempalan carpon di luhur nya éta...

- a. di cai
- b. di garasi
- c. di buruan
- d. di imah

6. Réga surak basa Ibu unggek. Ti jam hiji labas nepi ka jam lima soré nagen hareupeun TV. Cengkat téh mun Ibu ngagero nitah ka cai atawa nitah dahar.

Latar waktu dina sempalan carpon di luhur nya éta wanci...

- a. isuk
- b. sareupna
- c. peuting
- d. soré

Titénan sempalan carpon di handap pikeun ngajawab soal no. 7-8!

Poé ka opat cul kana TV. Tuluy manéhna anteng kana hapé. Maén tiktok. Dua leungeun ka luhur, nyekel sirah, leungeun nyilang siligenti terus gaya metik buah, létah diélélkeun. Dungdak-déngdék hareupeun kaméra hapé. Kabéh gaya ditamplokeun. Nyieun Tiktok ngaliwatan aplikasi Likee. Bosen maén Tiktok, tuluy pindah kana gim kitu wé siligenti.

7. Galur carita dina sempalan carpon di luhur nya éta...

- a. maju
- b. mundur
- c. campuran
- d. maju mundur

8. Sudut pandang dina sempalan carpon di luhur nya éta...

- a. jalma kahiji
- b. jalma kadua
- c. jalma katilu
- d. jalma kaopat

Titénan sempalan carpon di handap pikeun ngajawab soal no. 9-10!

"Ieu mah teu acan aya landongna geulis. Urang moal katépaan lamun tiasa ngajaga kabersihan. Salah sahijina ku cara ngajaga jarak. Hartosna teu pependak heula sacara langsung sareng réréncangan sareng warga. Intina kedah calik heula di bumi. Ibu gé sami hoyong pendak sareng Bi Eutik, Wa Ai. Ngan wayahna ayeuna mah tong waka pendak. Bisi aya pirus korona."

9. Sempalan carpon di luhur témana ngeunaan...

- a. landong
- b. pirus korona
- c. ngajaga kabersihan
- d. tong waka pendak

10. Amanat tina sempalan carpon di luhur nya éta...

- a. Pirus korona téh pikasieuneun lantaran can aya obatna.
- b. Urang téh kudu ngajaga jarak sangkan teu katépaan pirus korona
- c. Kudu cicing heula di imah sangkan teu kapanggih jeung Bi Eutik.

d. Wayahna ayeuna mah tong waka katépaan.

11. Maén tiktok. Dua leungeun ka luhur, nyekel sirah, leungeun nyilang silih ganti terus gaya metik buah, létah diélélkeun. Dungdak-déngdék hareupeun kaméra hapé. Kabéh gaya ditamplokeun. Pokona mah geus **sigajaér kasaatan**.

Sigajaér kasaatan mangrupa paribasa anu hartina...

- teu daék cicing
- sok ngelélkeun létah
- cicingeun
- resep jogéd

12. Anu kaasup kana cicirén tina kalimah langsung nya éta...

- Intonasi nalika maca kalimahna leuwih lempeng.
- Ayana parobahan kecap pangganti jalma.
- Teu maké tanda baca kekenteng (“ ”).
- Maké tanda baca kekenteng (“ ”).**

Titénan sempalan carpon di handap pikeun ngajawab soal no. 13-14!

“Horée libuur.” Réga ajrag-ajragan waktu bu guru ngumumkeun yén salila dua minggu diajar di imah. Pembelajaran Jarak Jauh, kitu kasebutna téh. Kabayang manéhna bisa nongton TV, maén gim, maén tiktok sawaregna.

13. Kalimah teu langsung dina sempalan carpon di luhur jumlahna aya...

- 2
- 3**
- 4
- 5

14. Nu jadi pikiran utama dina paragraf di luhur nya éta...

- Réga ajrag-ajragan.**
- Manéhna bisa nongton TV sawaregna.
- Bu guru ngumumkeun yén salila dua minggu diajar di imah.
- Maén Tiktok sawaregna.

15. “Kumargi nuju aya pirus korona. Upami ka luar bilih aya nu eunteup heug tépa.”

“Kantun minum obat atuh. Pan damang.”

Sempalan carpon di luhur kaasup kana struktur téks anu disebut...

- wacana
- paragraf
- narasi
- dialog**

16. Kalimah anu kaasup kana téks narasi nya éta...

- “Kerjakeun heula tugasna!”
- “Atuh da bosen di bumi wé.”
- Poé kahiji sumanget nitenan Hapé. Tugas ti Bu Siti ngeunaan korona langsung dikerjakeun.**
- “Sok nelepon wé ka Dini.”

17. “Réga nuju naon?”

Kalimah di luhur kaasup kana kalimah...

- a. Wawaran
- b. Pananya
- c. Paréntah
- d. Panyaram

18. "Kerjakeun heula tugasna!"

Kalimah di luhur kaasup kana kalimah...

- a. Wawaran
- b. Pananya
- c. Paréntah
- d. Panyaram

19. Réga dungdak déngdék hareupeun kaméra hapé. Kabéh gaya ditamplokeun. Nyieun tiktok ngaliwatan aplikasi likee.

Kecap asal tina kecap **dungdak-déngdék** nya éta...

- a. dungdak
- b. daréngdék
- c. déngdék
- d. ngadéngdék

20. **Dungdak-déngdék** mangrupa kecap rajékan...

- a. Dwiréka
- b. Dwimurni
- c. Dwimadya
- d. Dwipurwa

3.7 Téhnik Analisis Data

Saméméh data dianalisis, léngkah mimiti nyaéta meunteun hasil tés (*pretest* jeung *posttest*). Anapon aspék-aspék anu dipeunteun tina hasil tés maca pamahaman carpon, diukur saluyu jeung kisi-kisi soal. Unggal soalna miboga 1 (hiji) poin atawa skor lamun jawabanana bener, 0 (nol) lamun jawabanana salah.

Tabél 6: Rumus Nilai Ahir

$$\text{Nilai ahir} = \frac{\text{Jumlah Skor}}{\text{Jumlah Skor Maksimum}} \times 100$$

Anapon pikeun ngagampilkeun prosés ngitungna, ieu di handap disusun minangka format penilaianana.

Tabél 7: Format Penilaian

Hasil: Prétés / Postés / VIII-A / VIII-B			
Kode Siswa	Jumlah Skor	Nilai Ahir	Prédikat
1.			
2.			
3.			
...			
20.			


Keterangan:
 Hadé Pisan (A) : 90 – 100
 Hadé (B) : 80 – 89
 Sedeng (C) : 70 – 79
 Kurang (D) : 60 – 69
 Kurang Pisan (E) : < 60

*Kode siswa diéntép dumasar huruf alpabétis ngaran siswa nu jadi sampel.

3.7.1 Uji Sipat Data

Sabada data-data kakumpul jeung saméméh dianalisis, tuluy ngalakonan uji sipat data anu ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Dina pengujian, data nu kaasup kana distribusi normal atawa data homogén nyaéta lamun nilai signifikansi leuwih ti 0,05 (sig. > 0,05). Saupama kurang ti 0,05 (sig. < 0,05) mangka éta data kaasup kana distribusi anu teu normal atawa teu homogén.

Dina prosés ngitungna, panalungtikan dirojong ku program komputer IBM SPSS Statistics 25 kalawan uji normalitas maké Kolmogorov-Smirnov, jeung uji homogénitas maké Levene's.



Gambar 13: Logo IBM SPSS Statistics v25

3.7.2 Uji Hipotésis

Hipotésis asalna tina kekecapan hipo (*hypo*) jeung tésis (*thesis*). Hipo hartina *kurang dari*, sedengkeun tésis hartina pamadegan. Maksudna, hipotésis mangrupa jawaban sementara pikeun hiji masalah panalungtikan nu dianggap éta téh kamungkinan pangbenerna (Margono, 2004: 80). Tujuanna nya éta pikeun mikanyaho naha ieu rumusan hipotésis bisa ditarima atawa ditolak.

H_0 (Hipotésis nol) = Teu aya béda anu signifikan tina kamampuh maca pamahaman carpon siswa kelas VIII SMPN 2 Jatiwangi taun ajaran 2021/2022 antara ngagunakeun média *Webtoon* jeung ngagunakeun média konvensional.

H_a (Hipotésis alternatif) = Aya béda anu signifikan tina kamampuh maca pamahaman carpon siswa kelas VIII SMPN 2 Jatiwangi taun ajaran 2021/2022 antara ngagunakeun média *Webtoon* jeung média konvensional.

Nu diharepkeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta aya béda anu signifikan sarta parobahan positif tina kamampuh maca pamahaman carpon siswa. Hartina, yén média *Webtoon* téh mémang ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carpon siswa. Sanajan kitu, panalungtik tetep kudu nangtukeun ditarimana hipotésis kalawan rumus saperti kieu:

H_0 / H_a ditarima, saupama nilai signifikansi ($\text{sig.} > 0,05$)

H_0 / H_a ditarima, saupama nilai signifikansi ($\text{sig.} < 0,05$)